

Telemedsin Disponib pou Trete Twoub Itilizasyon Opiyoyid

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, ou kapab jwenn aksè ak tretman pou twoub itilizasyon opiyoyid (opioid use disorder, OUD) pa telemedsin. Sèvis sa a disponib nan kèk pozisyon nan Vil New York (New York City, NYC) san ou pa pran yon randevou an pèsòn. Pwofesyonèl swen sante yo ka ofri tretman pou OUD pa mwayen yon platfòm odyo-vizyèl, tankou yon telekonferans, oswa pafwa avèk yon tchat nan telefòn. Yo kapab voye preskripsyon yon elektwonikman bay nenpòt famasi. Biprenòfin — pafwa yo konn rele Suboxone® tou — se yon tretman pou OUD ke pwofesyonèl swen yo ka preskri nan plizyè anviwònman epi yo ka kòmanse l nenpòt kote. Ou ka kòmanse itilize tretman biprenòfin (oswa kontinye si ou te deja ap pran l) avèk yon vizit telemedsin.

Ki kote m ap jwenn tretman?

Pou w jwenn enfòmasyon sou tretman biprenòfin pou OUD pa mwayen telemedsin:

- Vizite sitwèb Biwo Sèvis Depandans ak Sipò (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Depatman Sante (Department of Health, DOH) a nan oasas.ny.gov epi chèche "[Medication-Assisted Treatment via Telehealth](#)" (Tretman Alèd Medikaman pa mwayen Telesante) pou yon li pwofesyonèl swen ki kapab bay biprenòfin pa telemedsin. Anpil pwofesyonèl swen ki nan lis la aksepte Medicaid ak lòt asirans. Pou asistans, ou ka rele tou liy asistans NYS HOPEline lan 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan 877-846-7369 oswa voye tèks "HOPENY" bay 467369. Si ou gen kesyon, rele 518-473-3460.
- Vizite sitwèb Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC (Depatman Sante NYC) nan nyc.gov/health epi chèche "[Opioid Addiction Treatment With Buprenorphine and Methadone](#)" (Tretman Depandans pou Opiyoyid avèk Biprenòfin ak Metadòn). Klike sou onglè "How to Find Treatment" (Fason pou Jwenn Tretman) pou jwenn yon sit ki gen enfimyè jesyonè swen prensipal pou swen biprenòfin Depatman Sante NYC a finanse. Kèk sit yo kapab bay tretman biprenòfin pa telemedsin. Kèk sit yo aksepte Medicaid, kèk genyen yon echèl varyab pou frè yo oswa yo bay medikaman yo bon mache pou moun ki genyen revni ki ba oswa ki pa genyen asirans. Konsilte tablo sou pwochen paj la pou detay yo.
- Vizite sitwèb Depatman Sante NYC a nan nyc.gov/health epi chèche "[syringe service programs](#)" (pwogram sèvis sereng). Kèk sit yo kapab bay tretman biprenòfin pa telemedsin. Pa gen okenn frè pou vizit telemedsin lan nan yon pwogram sèvis sereng (syringe service program, SSP). Ou gendwa bezwen peman oswa asirans nan yon famasi pou ou jwenn medikaman an. Konsilte tablo sou pwochen paj la pou detay yo.

E si mwen pa gen asirans oswa mwen pa gen lajan pou m peye pou vizit telemedsin oswa medikaman mwen yo?

Si peman an se yon pwoblèm, kontakte yon pwofesyonèl swen ki gen yon echèl varyab pou frè yo epi ki ka ofri vizit telemedsin lan ak medikaman nan pri bon mache. Si ou pa gen asirans oswa ou pa gen lajan pou ou peye pou vizit telemedsin oswa medikaman yo, kontakte

- Klinik telemedsin pou biprenòfin NYC Health + Hospitals / Bellevue nan Manhattan nan 212-562-2665
- Rezo tretman biprenòfin Montefiore Medical Center nan Bronx nan 718-405-8227

Tablo ki anba la a gen ladan kèk SSP ak sit swen prensipal. Sit sa yo genyen enfimyè jesyonè swen prensipal pou swen biprenòfin. Enfimyè jesyonè swen prensipal yo ede bay telemedsin pou tretman biprenòfin pou OUD.

Lokalite Sit la	Tip Lokal	Nimewo Telefòn
Bronx		
Montefiore Comprehensive Family Care Clinic (CFCC)**	Sit swen prensipal	718-405-8227
Montefiore Family Care Center (Norwood)**	Sit swen prensipal	718-405-8227
Montefiore Family Health Center (Fordham)**	Sit swen prensipal	929-220-8411
Montefiore Williamsbridge Family Practice**	Sit swen prensipal	929-220-8411
Rezo Tretman Montefiore Buprenorphine (lòt lokal yo)**	Sit swen prensipal	718-405-8227
St. Ann's Corner of Harm Reduction, South Bronx	Pwogram sèvis sereng	718-585-5544
Brooklyn		
Afterhours Project*	Pwogram sèvis sereng	347-663-7608 oswa 718-249-0755
Community Healthcare Network – East New York Health Hub	Sit swen prensipal	718-486-4589
Community Healthcare Network – Williamsburg	Sit swen prensipal	718-486-4589
Sterling Avenue Health Center (Brightpoint)	Sit swen prensipal	855-681-8700
Sunset Park Family Health Center, Adult Medicine	Sit swen prensipal	646-906-2685
Park Ridge Family Health Center	Sit swen prensipal	718-907-8100
Manhattan		
Bellevue Hospital Buprenorphine Telemedicine Clinic**	Klinik NYC Health + Hospitals	212-562-2665
Harlem United (Harlem)*	Pwogram sèvis sereng	212-289-2378, Ekstansyon 1277
REACH Clinic-Mount Sinai	Sit swen prensipal	646-951-1963
Positive Health Project/Housing Works*	Pwogram sèvis sereng	212-465-8304, ekstansyon 4875 oswa 4430
Ryan Health-West 97 th Street	Sit swen prensipal	646-221-0366 oswa 212-710-9029, ekstansyon 5829
Ryan Health-Clinton Community Health Center	Sit swen prensipal	646-221-0366 oswa 212-710-9029, ekstansyon 5829
Center for Comprehensive Health Practice	Sit swen prensipal	212-360-7875
Queens		
Community Healthcare Network – Long Island	Sit swen prensipal	332-877-5383

City		
Community Healthcare Network — Sutphin Blvd	Sit swen prensipal	332-877-5383
Sutphin Health Center (Brightpoint)	Sit swen prensipal	855-681-8700
Staten Island		
Bay Street Clinic (Brightpoint)	Sit swen prensipal	855-681-8700
NYC Health + Hospitals/Gotham Health Vanderbilt	Sit swen prensipal	718-616-0978

*Pa gen okenn frè pou vizit telemedsin nan yon pwogram sèvis sereng. Ou gendwa bezwen peman oswa asirans nan yon famasi pou ou jwenn medikaman an.

**Medikaman bon mache disponib pou moun ki gen revni ba yo oswa moun ki pa gen asirans yo.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolye.

5.21.21